



# Enfòmasyon pou paran Nouyòk

## LEKÒL PITIT OU A AK DISTRIK LA GEN YON PLAN POU PATISIPASYON PARAN NAN EDIKASYON TIMOUN YO.

Lwa yo te pase nan lane 2001, ki rele **NO CHILD LEFT BEHIND (NCLB)**, se yon lwa federal pou amelyore edikasyon tout timoun. Lwa sa a bay lekòl yo responsablite pou rezilta elèv yo, li bay paran yo plis chwa, epi li fè pwomosyon metòd ansèyman ki mache. Nan feyè enfòmasyon sa a, nou bay yon pati nan lwa a ki enpòtan pou paran yo konnen.

Title I lan se yon pati nan lwa NCLB a. Li se pi gwo pwogram federal pou edikasyon elemantè ak edikasyon segondè. Lajan Title I ede edikatè amelyore ansèyman ak jan timoun aprann pou plizyè milye elèv nan eta Nouyòk ki nan kominote ki genyen dezavantaj ekonomik yo. Kòm paran yo se yon pyès enpòtan nan siksè timoun yo, lekòl ki resevwa lajan Title I ak distrik eskolè yo dwe genyen yon plan pou yo ankouraje paran yo pou yo patisipe nan edikasyon timoun yo. Plan sa a rele **Regleman pou patisipasyon paran**. Lekòl chatè Title I dwe genyen yon plan sou regleman pou patisipasyon paran.

### Ki sa plan pou patisipasyon paran an genyen ladan?

Yon pwogram pou patisipasyon paran dwe esplike kouman lekòl la ap travay ak ou, ansanm ak lòt paran yo pou yo ede tout elèv nan lekòl la rive satisfè estanda akademik yo. L ap di w:

- ki dwa ak responsablite ou genyen kòm paran,
- ki sa lekòl yo ak paran yo sipoze fè pou yo ede elèv yo bay ranman,
- ki lè reyinyon “Title I” lan ak lòt reyinyon paran ap fèt,
- ki jan lekòl la pral kominike ak ou e ak lòt paran yo,
- ki objektif akademik elèv yo sipoze reyalize,
- kouman yo mezire pwogrè elèv yo,

- kouman y ap entegre paran nan revize ak nan evalye plan pou patisipasyon paran,
- ki materyèl, ki pwogram fòmasyon ki genyen pou ede w travay ak pitit ou a,
- ki resous transpò, sèvis gadri ki disponib pou ou kapab patisipe nan aktivite k ap fèt lekòl la,
- kouman pwofesè ak paran kapab aprann youn nan men lòt,
- kouman ou kapab jwenn enfòmasyon sou lòt pwogram pou fanmi ou, pwogram alfabetizasyon, pwogram pou timoun piti ak,
- kouman sant enfòmasyon ak resous pou paran Nouyòk la kapab ede w.

Lekòl yo dwe fè efò pou yo bay paran yo enfòmasyon ki fasil pou yo konprann, menm si paran yo pale yon lòt lang (yo pa pale angle) oubyen yo gen difikilte pou yo li.

### **Patisipasyon ou kapab ede lekòl pitit ou a.**

- Mande direktis lekòl la pou li ba w yon kopi plan sou patisipasyon paran distrik la ak lekòl la.
- Poze tout kesyon ki nesèsè pou ou kapab konprann plan sou patisipasyon paran nan lekòl la. Ou kapab poze direktè lekòl la, direktis Title I nan lekòl la oubyen nan distrik la, sipèntendan an, manm ki nan konsèy direksyon distrik la, lidè paran ak lòt paran kesyon.
- Ou kapab ede ekri plan sou patisipasyon paran distrik la oubyen lekòl la, ou kapab ede revize li.



*Feyè sa a se youn nan seri feyè enfòmasyon pou paran NY sou lwa federal sou edikasyon ki rele "okenn timoun pa rete dèyè" (No Child Left Behind, ann angle). Seksyon 1118 nan "No Child Left Behind" lan kouvri regleman pou patisipasyon paran. Si ou bezwen lòt feyè "...Enfòmasyon", mande direktis lekòl pitit ou a oubyen voye yon lèt elektwonik bay depatman Edikasyon eta Nouyòk la [nclbnys@mail.nysed.gov](mailto:nclbnys@mail.nysed.gov) oubyen ale sou sit la <http://www.emsc.nysed.gov/deputy/nclb/nclbhome.htm>. Sit lwa federal No Child Left Behind la genyen yon paj espesyal pou paran <http://www.nochildleftbehind.gov/parents/>.*